No. 38 | 19 September 1930 | Taoen 10.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
1/2 „ . . . f 3,— } njoewoen kabajar roemijin.
3 woelan . . f 1,50

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN.

KABAR PAKEMPALAN.

W.K. Mataram.

Kala Ngahad 14 September poenika, Wanita Katholiek tjabang Mataram ngawontenaken parepatan.

Rembag-rembag ingkang perloe:

1. Gandèng kalijan sedahan saking wanita Hindoe soepados wanita ing ngriki angintoenaken wawakil dateng All-Aziatische Vrouwen-Conferentie ing Honoloeloe, béndjing Januari 1931, W.K. Mataram inggih badé ngoeroeni waragad pasangon kanggé wakilipoen tanah ngriki dateng Conferentie waoe. Kawartos ingkang badé dados oetoesan, satoenggiling wanita ing Bandoeng.

2. Angrembag angadjengaken studiefonds. W.K. Mataram badé mijara ménda, katitipaken salah satoenggiling tijang Kath. padoesoenan, babatènipoen kanggé ngisèni kas studiefonds.

3. Béndjing woelan sijam poenika saged oegi P.W.K. badé damel konggrès sapisanan manggèn ing Mataram. W.K. Mataram badé angintoenaken barang dadameling warganipoen; babatèn kanggé studiefonds.

Staatsidee mitoeroet pamanggihipoen Kg. St. Rama Leo XIII.

Nalika tg. 6-9-'30 Studieclub P.P.K.D. afd. Soerakarta èstoe nampi lezingipoen sad. R.I.W. Dwidjasoesana, atas C.C. Solo, bab „Staatsidee volgens Paus Leo XIII," ringkesanipoen kados ingandap poenika:

Djoeroe sabda ngèngetaken, bilih Nagari mitoeroet piwoelang Katholiek poenika sagedipoen dipoenngertosi saèstoe namoeng sarana ngèngeti wontenipoen organisme ageng: Pasamoewan Soetji. Namoeng sarana njamèk-njamèkaken organisme kekalih poenika tegesing Nagari mitoeroet piwoelang Katholiek saged dipoentjelaki.

Rèhning organisme kekalih poenika mitoeroet pamanggih Katholiek ingkang dipoenperlokaken langkoeng-langkoeng bab toedjoenipoen, mila djoeroe sabda ladjeng mendet temboeng „societas" oetawi „pakempalan," kanggé lelandesaning tetandingan, djer pakempalan makaten perloening-ngaperloe langkoeng-langkoeng doemoenoeng ing toedjoe.

Definitienipoen St. Thomas van Aquino ingatasipoen societas kénging karowakaken makaten: „Pakoempoelané wong-wong, kang kasoeprih awèt, kanggo ndjangka toedjoe oemoem, nganggo panoentoen kang diakoni," Dados pokokipoen: a). tijang sawatawis, b). pakempalan ingkang pinoerih awèt (lestari), c). toedjoe oemoem, d). panoentoen.

Djedjer sekawan prakawis poenika ladjeng dipoenpétani, katoemrapaken Nagari (Pepréntahan), lan samangsa perloe kanggé mewahi terangipoen Staatsidee mitoeroet pamanggih Katholiek, oegi ladjeng katoemrapaken dateng Pasamoewan Soetji.

Bab a). (tijang sawatawis) boten karembag, sabab Kg. Paus boten anggepok prakawis poenika, mila ladjeng ngrembag bab b. ingkang noenten noewoehaken pitakèn 3 prakawis: asal, kekijatan lan agenging Nagari (de oorsprong, de duurzaamheid en de omgang van den Staat). Kekijatan lan agenging Pepréntahan karembag, ing wingking sarta namoeng kasrèmpèd kémawon. Déné ingkang karembag bakoenipoen bab:

Asalipoen Negari.

Mitoeroet piwoelang Katholiek Negari poenika pinangkanipoen saking Goesti Allah. Djoeroe sabda njoengoel-njoengoelaken serat-seratipoen Kg. St. Rama Leo XIII katah sanget ingkang nerangaken prakawis poenika. Katerangan waoe wosipoen: Sarèhné: saking kodratipoen, manoengsa poenika, moerih katjekapan betahipoen, kedah manoenggil, ingkang ladjeng mahanani Nagari, dados tjeta sanget, bilih asalipoen Negari poenika namoeng saking ingkang karja kodrat: Goesti Allah pribadi.

Rèhning pinangkanipoen pangoewaos poenika gandèng kalijan pinangkaning Negari, mila djoeroe sabda ladjeng ngrembag bab d. prakawis panoentoen, ingkang noewoehaken pitakèn 3 warni malih: bab asal, roepi lan *tangkeb* kita dateng pangoewaos (pangageng).

1e. Pinangkanipoen pangoewaos.

„Non est potestas nisi a Deo," Boten wonten pangoewaos kedjawi saking Goesti Allah, makaten pangandikanipoen Santo Paulus, lan inggih makaten piwoelangipoen Kg. St. Rama Paus Leo XIII bab asaling Pangoewaos, saha teroesan *(onmiddellijk)*, manawi pangoewaos waoe mligi, ingkang kasawang lan linantaran (middellijk), i.p. nganggé lantaran pikadjengan lan pandameling manoengsa, manawi pangoewaos waoe kasawang saking anggènipoen kapasrahaken dateng ingkang mengkoe pangoewaos (gezagdrager).

2e. Woedjoeding pangoewaos.

Prakawis poenika boten dipoentemtokaken, kedah woedjoed kradjan poenapa republiek, poenapa-poenapa, nanging dipoensekadjeng, oegeripoen saged anggajoeh toedjoening Nagari i.p. gemah ripah oemoem (het algemeen welzijn), sarta toemrap ingkang kasérèhan pangoewaos kedah njonto Allah, ing bab anggènipoen marèntah Nagari.

3e. Tangkeb kita dateng pangoewaos.

Prakawis poenika kabédakaken dados tiga: a). toemrap para ngembani pangoewaos kawoedjibanipoen *kedah ngadil, boten kados bendara,* nanging kedah kados bapa: *ngadil lan goemati.*

b.) Toedjoening pangoewaos boten wonten lija, kedjawi moerih: wiloedjenging oemoem.

3e. Toemrap para rèh-rèhan kedah mbangoen mitoeroet, kados patraping anak dateng bapakipoen. „Qui resistit potestati, Dei ordinationi resistit." Sinten ingkang mbangkang Pangoewaos, mbangkang dateng *tatananipoen Goesti Allah.* (Rom. XIII, 2). Prakawis poenika terangipoen makaten: „Rèhning manoengsa poenika sampoen kinodrat gesang manoenggil wonten ing Nagari, sarta pangoewaos poenika dados soehing Negari ingkang perloe, ngantos oepami pangoewaos waoe dipoenitjali, Negari badé morat-marit tanpa dados, mila sampoen samestinipoen, bilih Ingkang ngodrataken manoengsa manoenggil waoe, oegi maringi pangoewaos wonten *patoenggilaning* manoengsa waoe (Nagari), ingkang kedah kaéstokaken déning kawoela, moerih Negari saged lestantoen lan saged kadoemoegèn ing sedya ndjangka kawiloedjengan oemoem."

Namoeng wonten sabab satoenggal kémawon tijang kénging malah kedah boten mbangoen mitoeroet i.p. manawi kapoerih anglampahi poenapa-poenapa ingkang soelaja kalijan anggering kodrat lan anggering Pangéran. „Obaedire oportet Deo magis quam hominibus." Tijang kedah merlokaken Goesti Allah langkoeng roemijin tinimbang sesamining manoengsa.

Samangké djoeroe sabda ladjeng ngrembag bab c. prakawis toedjoe oemoem, mawi oeloek^2, bilih njoemerepi kanti terang dateng toedjoening Negari poenika perloe sanget, kanggé njoemerepi tegesing Negari mitoeroet piwoelang Katholiek, sarta bédaning Negari kalijan Pasamoewan Soetji poenika langkoeng^2 oegi doemoenoeng wonten ing toedjoenipoen.

Sadèrèngipoen ngrembag toedjoe, djoeroe sabda ngèngetaken roepi-roepining pakempalan, mitoeroet asalipoen, wonten pakempalan ingkang kedah wonten noodzakelijk (staat = natuurlijk noodzakelijke gemeenschap, Kerk = boven natuurlijk noodzakelijk gemeenschap) lan pakempalan mana soeka (Vrije gemeenschap); mitoeroet toedjoenipoen, wonten pak. anggajoeh toedjoe oemoem (Kerk en Staat), wonten pak. anggajoeh barang kaswargan (Kerk) wonten ingkang manoedjoe barang kadonjan (Staat); mitoeroet pirantosipoen, wonten pakemp. sampoerna (Kerk en Staat) lan wonten ingkang kirang sampoerna l.s.p,

Sasampoenipoen makaten djoeroe sabda ladjeng njoekani rantjanganipoen (schets) Pas. Soetji, awewaton Encijcl. „Satis Cognitum est", bab asalipoen, bab sarana-sarananipoen, bab warganipoen l,s.p. „Pas. Soetji poenika karana toedjoenipoen, nglangkoengi sadajaning pakempalan, krana sarana-sarananipoen: boven natuurlijk, krana pinangkanipoen: goddelijk, nanging krana warganipoen: pakempalanipoen tijang,"

Badé kasambed.

PRADJA RAHAJOE.

DAGANG LAN KAGOENAN.

Bangsa Djawi perloe sanget ngadjengaken padaganganipoen pijambak. Menggah sababipoen makaten:

Saja lami tjatjahing tijang ing tanah Djawi poenika saja mindak, ananging tjatjahing tijang tani saja soeda, amargi saja katah tijang ingkang boten gadah sabin. Djalaran saking poenika katah tijang Djawi ingkang roemaos kekirangan teda, woesana ladjeng késah dateng tanah sabrang (Soematra, Bornéo, lsp.) dados koeli kontrak. Masti kémawon ingkang kados makaten poenika manawi saged kedah dipoenalang-alangi. Sarana poenapa? Inggih kados atoer koela ing nginggil, sarana ngadjengaken padagangan. Nanging padagangan ingkang gandèng kalijan kagoenan (nijverheid).

Jèn tanah Djawi boten tjekap anggènipoen ngedalaken oewos, ladjeng soepados saged neda, kedah toembas oewos dateng ngamantja, oepami Saigon lsp.

Soepados saged toembas, kedah gadah arta.

Soepados saged gadah arta, kedah *sesadéan,* (dedagangan).

Soepados saged sesadéan, kedah saged *dedamelan,* ladjeng kasadé, kawedalaken dateng ing sadjawining tanah Djawi.

Sapoenika damel poenapa ingkang padjeng kasadé wonten ing tanah sabrang? Poenapa iroes, tjowèk, moentoe?

Poenapa oedeng, sindjang? Poenapa patjoel, arit?

Iroes, tjowèk, moentoe lsp. poenika ing peken ngriki wonten ingkang toembas, nanging poenika mawi arta ingkang sampoen wonten ngriki, Toemrapipoen tijang satanah Djawi; ingkang kados makaten poenika boten migoenani. Saminipoen tijang sabrajat ingkang gadah barang dagangan lan gadah jatra. Bijoeng sadé oepami sindjang (sindjangipoen tijang sabrajat), ingkang toembas anakipoen pijambak mawi arta ing ngrikoe (artanipoen tijang sabrajat). Poenapa saged bati ? saged madjeng? Boten.

Soepados saged bati, madjeng, barang dagangan waoe kedah kasadé dateng tijang sanès.

Makaten oegi tijang Djawi kedah dedagangan lelawanan kalijan tanah ngamantja.

Doemoeginipoen samangké tanah Djawi pantji saged ngedalaken padagangan kanggé tanah ngamantja, nanging ingkang dagang dédé tijang Djawi (Indonésia).

Gendis, karèt, kenini, lisah seré, sata lsp. poenika kakintoenaken dateng tanah Éropa lsp. nanging ingkang sadé lepatipoen bangsa Walandi inggih bangsa Tjina. Ladjeng jatra pepadjengan kerep medal malih saking tanah Djawi.

Tanah-tanah poenika saben dinten peperangan awoedjoed djordjoran anggènipoen sesadéan. Wonten Goepernoer Djéndral saking Anoe mriki, wonten Pangéran saking Anoe mriki, poenika sadaja rak namoeng soepados raket anggènipoen memitran tanah Anoe waoe kalijan tanah Djawi, woesana ndjalari saja gampil anggènipoen saged sasadéan. Djalaran saking poenika jatra ing tanah Djawi ladjeng medal (soeda). Béda kalijan jèn tijang Djawi saged sesadéan dateng tanah mantja, arta ingkang mlebet dateng tanah Djawi, manawi medal malih namoeng margi kanggé toembas kabetahanipoen pijambak, kanggé toembas teda lsp.

Manoet atoer koela ing nginggil, perloe sanget manawi tijang Djawi ngadjengaken padagangan lan kagoenan. Para djempol-djempol pantes manggalih bab poenika sarana ngoedi oepami wontenipoen pamoelangan padagangan lan pamoelangan kanggé sinaoe dedamelan.

Jèn Kober.

POEPOER SADOEROENGÉ BENDJOET.

Kala tanggal 1 September poenika ing Semarang wonten arak-arakan ageng-agengan, kanggé mangajoebagja, mèngeti wijosan Dalem Sri Maha Radja Poetri Wilhelmina, ingkang tetep joeswa 50 taoen. Koela boten badé ngatoeraken èdi pèninging arak-arakanipoen sadèrèk kita Djawi, Tionghoa lsp. Namoeng badé ngatoeraken panalangsaning manah nalika njapaton ningali lampahing arak-arakanipoen sadèrèk kita Djawi pijambak.

Panalangsa kados-poendi? Kala samanten kinten-kinten wantji djam 9 langkoeng koela sampoen soek-soekan kalijan sadèrèk kita Djawi wonten ing aloen-aloen perloe badé namataken arak-arakan. Nanging boten saged premana. Wasana kepeksa ngesoek toeroet margi ngantos angsal papan wonten ing margi Bodjongweg. Wonten ngriki kepeksa soek-soekan kalijan montoripoen para Walandi, ingkang sami ningali boten saged teroes mlampah, margi dipoenawisi ing poelisi. Toemenga manginggil ing lotènganing toko djeboel inggih katah njonjah lan walandi ingkang sami ningali, malah wonten ingkang sami riboet masang kodakipoen. Saja dangoe bentèripoen kita Semarang saja boten kénging dipoensanak. Mangka mangsanipoen saweg kados makaten.

Ingkang wonten ngadjeng pijambak politie ingkang sami mranata nisihaken toempakan lan ngoendoeraken para ningali, ladjeng muziek. Nitik sandang panganggénipoen, kados muziek saking Algemeene politie. Para loerah-loerah. Tjekakipoen karowan sanget manawi koela wastani sedaja golong-golonganipoen. Sarana maos serataning bandéra mbapang (vaandel) sampoen saged njemerepi golongan poenapa. Bangsa krontjong pepak, bal-balan wonten, ketoprak pilih tanding. Saja manawi mirsani arak-arakan saking darah Tasripin, kénging kaèmperaken kalijan jèn mirsani tedak lodji ing Soerakarta lan Ngajodjakarta. Manéka warni bandéra rontèk oemboel^2. Ringgit katandoe sesindénan kairing ing gangsa. Oepatjara bangsa djené^2, tjara kratonipoen mbokmanawi kémawon: banjak dalang sawoeng galing, lsp. ingkang sami kasawoeng ing tijang èstri. Kebatosan: „Samono kekoewating doewit". N.B. Wonten ingkang kedah kita pèngeti manawi ngawontenaken arak-arakan mangsa bentèr: ing rikoe antawisipoen pepantan satoenggal lan satoenggalipoen barisanipoen darah Tasripin kairingakan rembatan blèg isi toja oetawi balokan ès!

Awas! Awas! Atoer koela dateng para comité: ingkang sampoen, sampoen ngantos dipoenkaping kalihi. Ingkang dèrèng kémawon kadjagia kaatos-atosa. Optocht ingkang sampoen kalampahan mila ageng lan ramé mitoeroet omonganipoen para ningali, wiwit saking aloen-aloen doemoegi dalem Goepernoeran. Ing salebetipoen koela dédé mandeng lampahing optocht wonten raos ingkang ladjeng kirang sakétja. Pantjènipoen soemerep pandengan èdi pèni mantja warni, gangsa pasindèn, menjanji muziek, rak kedah toemoet bingah. Boten makaten sadèrèk! Ing salebeting arak-arakan waoe djeboel wonten ingkang ladjeng ngasorken kasoesilan kaboedajan (cultuur) kabangoen kedjawèn. Djeboel ing arak-arakan ngrikoe wonten sadèrèk toemoet (deelnemers) ingkang boten pantes kapitontonaken ing ngakatah ing pasamoewan. Ingkang kados poenapa? Wonten tijang djaler ingkang ngémba noelad laré dipoensoepiti. Ménda-ménda wanita ing doesoen ingkang saweg wawrat sepoeh. Mangga poenapa poenika laras kalijan toedjoeaning pahargjan. Sampoen wawrat sepoeh kirang belachelijkipoen taksih dipoenimbeti rai katjlorèng-tjlorèng, pepindaning pajoe dara katjetak-tjetakaken. Dèrèng marem roemaos kirang padjeng, dipoendengkoeli tijang djaler goendoel teloes-teloes, wiwit sirah doemoegi dlamakan kablonjo ing brons. Ingkang boten namoeng mripat lan lambénipoen. Déné minangka awer-awering panganggé namoeng tjawetan sroewal abrit, ingkang satoenggal noempak kapal, satoenggalipoen noentoen kapal waoe. Noewoen-noewoen, koela mireng kabar saking pitepangan koela sadèrèk Dokter, tijang ingkang kablonjo ing brons waoe sapoenikanipoen sampoen pedjah. Boten namoeng tijang satoenggal kalih tiga, dalasan laré alit-alit ingkang saweg oemoer kawan kirangipoen 6 oetawi 7 taoenan oegi sami arak-arakan matjak panganggé tjara Dajak poenapa tjara Papoewa poenapa tjara Neger. Poenika saja nggegirisi nggegilani. Bokmanawi kémawon temboengipoen mantja afschuwelijk, onzindelijk malah saged dados onzedelijk. Patjakan kados-poendi? Ingkang minangka ratoenipoen noempak grobag ingkang sampoen kaénta-énta grijanipoen sadèrèk Dajak ingkang dèrèng naté sesrawoengan, karobjong-robjong pinajonan ing damèn garing, tangan kiwa malang kadak, tangan tengen njepengi dedamel. Déné sanèsipoen ingkang sami nggèrèd grobagan lan sami djedjogédan sarta tetaboehan miwah kekendangan, kénging winastan tjara aksaranipoen taksih sami legena! Badan sakodjoer kablonjo ing wewarnèn tjemeng. Nitik anggènipoen sami nglisah pating dlèwèr sadjakipoen kaetir. Awer-awering penganggé tjawetan tok. Minangka toetoeping tjawet tinoetoepan ing awer-awer soewiran debog garing oetawi dami garing.

Saja ngenes, toemenga soemerep Walandi lan njonjah djempol-djempol, kanan kéring Walandi djadoeg-djadoeg, déné ingkang kanggé bantjakan ambeng Djawi. Leres sedaja arak-arakan waoe boten nama awon. Namoeng kémawon dadosa penggalihanipoen para comitéleden ing sadaja panggénan, béndjing malih manawi badé ngawontenaken arak-arakan, katitia priksa roemijin, poendi ingkang kirang oetawi boten pantes dipoenoemoemaken dipoentingali ing saben laré oetawi tijang djaler miwah èstri, manawi ndahar atoer koela, kedah dipoenwangsoelaken sadèrèngipoen kagebjoeraken ing kalangan. Sarèhné koela sanès bangsa juri oetawi kunstenaar, dados boten saged njaosi tjonto kedah kados-poendi. Namoeng panjoewoen koela nedahna bilih sadèrèk Djawi gadah kasoesilan lan kaboedajan ingkang loehoer.

Ing riki koela kèmoetan arak-arakan ing Ngajodja, namoeng kala taoen pinten sampoen kasoepèn, kala pandjenenganipoen R. A. Soejatien, nedak soengging pandjenenganipoen soewargi R. A. Kartini, sinaoe wonten ing salebeting kamar, poenika kénging dipoensawang, dipoenraosaken, dipoensoeraosaken.

Kbn: 9 September 1930.

Taklim: *Soekatja.*

ECONOMIE.

TANGGAP SABDA.

Ing Sw. Tm. no. 36 medal tanggal 5/9 30, sadèrèk Singgih njerat bab tijang gadah damel ing Sragèn. Sadaja andaran waoe leres, malah boten namoeng ing Gondang kémawon, pamanggih koela ing poendi-poendi oegi makaten. Namoeng kémawon béda-béda tjaranipoen, sasoemerep koela boten namoeng jèn mantoe tetakan, soenatan kémawon, tijang namoeng njèwoe (njlameti tijang pedjah) inggih ngwontenaken oelem, ngatoer-atoeri, perloe inggih mamrih soembangan. (Ning inggih wonten ingkang njelé boten moendoet soembangan lo.) Tjekakipoen jèn dèn pétani sajektos tjaranipoen bangsa kita (kaoem kolot) poenika namoeng nelas-nelasaken ragad kémawon (inggih ingkang ngoendang of ingkang kaoendang pisan). Limrahipoen jèn dipoendjak kemboel dahar sanak kadang poenika seneng, rak inggih-inggih, ning jén tjaranipoen kados ingkang koela atoeraken waoe koela wantoen metèk, tamtoe malah sambat, saja ing wekdal samangké, mangsanipoen tijang gadah damel gèk padamelan awis, malah katah ingkang nganggoer saweg kateda saanak sémah kémawon krabjakan, la kok malah kanggé njoembang ingkang apes 1 roepijah. Nanging sareng sampoen tjaranipoen kok inggih meksa boten kétang dateng lintah darat dipoentemah. Kinten koela atoer koela waoe kok boten namoeng ing padoenoeng koela kémawon, saged oegi mratah.

Sadèrèk sarèhning poenika namoeng tjara, poenapa kinten-kinten boten saged éwah? Jèn éwah kados-poendi rékanipoen? Manoet pamanggih koela jèn poenika saged itjal! bokmanawi ra'jat saged ragi oendjal ambegan, margi isis sesanggènipoen. Inggih leres poenika boten peksan, nanging sareng sampoem oemoem, dados menawi dipoenoelemi dateng boten njoembang, poenika inggih boten sreg, margi kadeseg tjara. Lah menggahing kalangan Katholiek kados-poendi sadèrèk? Poenapa sami wani ngroemijini ngitjali tjara ingkang mlarati poenika? Tijang Katholiek ingkang kalih-kalihipoen djempol (kakoeng poetri), temtoe wantoen njémplang tjara lan ngitjali tjara waoe srana damel toelada, oepami: ngitjali slametan, boten sesadji (tjara kolot) tingkepan, brokohan, tedak sitèn, njangkoki, netaken, netesaken lsp. sedaja kedah kaboetjal tebih boten kénging kaingoek malih. Sanadyan tangga tepalih pandjenengan sanès golongan Kristen, sampoen adjrih katjatoer lan karaosan, sepisan ping kalih ngraosi, nanging jèn sampoen atoel rak itjal pijambak, poen tjobi kēmawon, boten-botenipoen mitoenani. Oeger wiwit tjak sepisan pandjenengan sampoen kèndel nanggoelang rikoeh (rikoeh klèntoe) poen djak main boten kersa, boten slametan, boten medjemoekan, boten roewahan, mangké tangga rak sami ngertos jèn Katholiek poenika béda tjaranipoen, lan tijang dédé R. K. Srananipoen jèn sok sandjan omong-omonganipoen kersaa ngrembag bab kamlaratan ingkang djalaran saking netepi goegon toehon ingkang boten pinanggih ing nalar waoe, sarta ngiras pantes mentjaraken agami kita, awit tijang poenika menawi sampoen koelina boten adjrih tijang (tjlingoes) ratjakipoen inggih boten rikoeh ngroengkebi pitadosipoen wonten ngadjengipoen tijang katah. (volk).

Sanadyan pamanggih koela kados mekaten, éwa déné koela boten goemagah, soepados kaandela, nanging koela ngentosi bab poetoesaning „Tata Tjara Katholiek saking P.K.W." mangké kados-poendi poetoesanipoen bab poenika, tamtoenipoen rak oegi klebet mrikoe ta? Déné jèn boten, commissie tata tjara kersaa anggalih atoer koela poenika. (Soembangan!)

Laré doesoen tjoebloek.
A. Boegel.

AMÈNGETI SWARGI RAMA PETRUS HOEVENAARS. †

(Sambet sabda, saking Solo).

Soemedot lir sinendal raosing manah, sareng koela mireng pawartos, bilih rama P. Hoevenaars kaladjeng séda.

Ngoengoening manah, déné mentas kakabaraken radi wonten senggangipoen, teka kaladjeng séda.

Sampoen séda? Anèh sanget! Déné gambaripoen taksih katingal gawang-gawang, tjoemeta ngaléla wonten ing pangangen-angen,..... kok sampoen séda, Ing batos dèrèng poeroen pitados koela.

Sinten tijangipoen ingkang boten getoen ngoengoen tinilar ing Pangèn oetami, ambek ambapa, pantes pinoendi-poendi ing ngakatah.

Rama P. Hoevenaars ingkang gambaripoen tansah angatingali ing pangangen-angen......, sampoen séda, tinimbalan ing pangajoenaning ingkang Maha Soetji.

Soewargi Rama, sanadjan sampoen doemoegi ing joeswa, éwadéné salira taksih katingal kekah, pideksa sarwa sarwi santosa, teroes djawi lebet, liripoen salira kekah, wewatekan panggah, sakarsanipoen kedah kalampahan, boten wegahan, loemoeh moendoer sedjangkah,..... pantes sineboet dados Sénapatining Sang Kristoes, ingkang boten ngoetjiwani ing samadyaning prang, tan kéwran dateng sadaja pasang rakit gelaring mengsah.

Pasemonipoen: semroeweng ambapa, damel adjrih asih ingkang toeminggal.

Tjandranipoen: tadjem alantip ing semoe moempoeni ing salwiring rèh.

Tindak tandoekipoen amratjihnani santosa ing boedi, sadjak sagah ing samoebarang damel saged ngrampoengi karja.

Manawi ngandika semoe sakétja, mitjara, saged mranani, agandem gampil toemanem ing salebeting sanoebari. Sinten tijangipoen ingkang boten resep mirengaken pangandikanipoen.

Rama P. Hoevenaars teka.... sampoen swargi, pinoendoet sowan ing pangajoenaning ingkang Maha Soetji!

Dangoening - dangoe gambaripoen badé katingal saja lamat-lamat........ badé sirna ing pangangen-angen. Ananging asmanipoen *Petrus Hoevenaars* boten badé saged sirna, pantes sinoerat mawi prada. Asmanipoen Rama swargi badé saja angganda aroem, djer katah sanget tetilaran patilasanipoen ingkang taksih goemelar tjoemeta kasat mata.

Sinten ta ingkang atjakal bakal grija Pastoeran toewin Kasoesteran ing Mendoet, pamoelangan tjalon goeroe èstri ?(*) Ingkang sapoenikanipoen sampoen dados redja, grija bebandjengan, prasasat arebat timbang kalijan Pastoeran ing Moentilan, ngantos dados gawoking ingkang sami toemingal. Sanadjan boten mijambaki ananging swargi Rama prasasat kénging winastanan ingkang tjakal bebakal; pantes linaloeri dipoenmoemoelé ing saladjengipoen. Koetjiwa déné papanipoen radi rempit wonten ing samadyaning padoesoenan ing tetirahing paredèn.

Ananging ing telenging papan karaméjan ing kita ingkang ageng pijambak ing tlatah Djawi tengah, swargi Rama oegi tilar patilasan inggih poenika ing Tjandi Semarang.

Grija papan pangoepakaraning laré-laré lola bangsa Indo ing Tjandi, ingkang katingal ndjenggarang bebandjengan saking katebihan, poenika inggih tilaran ijasanipoen Rama swargi. Kinten-kinten ing saindenging noesa Djawi boten djangkep kalih grija lola ingkang wani ngembari saénipoen toer mirantos njekapi kados ing Tjandi.

Ngantos dangoe(**) swargi Rama djoemeneng dados bapa iboening laré-laré lola. Pangastanipoen kentjeng toer ngatos-atos akanti tresna lair batos, kados poetranipoen pijambak, ngantos laré[2] lola waoe kesoepèn dateng lolanipoen, tangkepipoen kados dateng tijang sepoehipoen pijambak. Katah laré-laré ingkang pantjènipoen boten kopèn, tanpa bapa, tanpa bijoeng, kelarahan toeroet margi, saged dados tijang ingkang oetami, migoenani ing oemoem. Saiba sapinten kémawon badé katrimahipoen laré-laré waoe dateng pandjenenganipoen.

Ing taoen 1923 Rama swargi kondoer dateng nagari Walandi perloe ngasokaken salira.

Sakondoeripoen saking nagari Walandi, boten antawis dangoe, kapasang jogi sanget pandjenenganipoen kapindah dateng ing Soerakarta-adiningrat, poeser telenging kadjawèn; toemraping Agami, papan ingkang taksih roengkoet, roempil, wingit boten kénging sinoewawa.

Ing ngrikoe katingal sanget swargi Rama anggènipoen tjantjoet tjakoet toemandang ngetok boedi toewin karosan babad-babad amoerih djembaring Kraton Dalem Sang Kristoes.

Tandangipoen ing semoe kadi déné badé amoengkasi sadaja pakarjanipoen. Mila manawi tjinandra lir satrija ingkang ngetok karosan amentang langkap, nglepasken sandjata pamoengkas. Dasar sinoembang angsal barkah idining Pangéran ingkang tanpa oepami, Rama swargi anggènipoen babad-babad katah sanget angsal-angsalanipoen kénging kawastanan saged pasang dedasaring missie Djawi wonten ing Soerakarta adiningrat.

Ing dalem 5 taoen laminipoen *) saged ada-ada ijasa pamoelangan warni-warni.

Boten namoeng babagan pangadjaran kèmawon, ananging babagan sociaal, minangka kanggé njampeti kabetahaning gotrah Katholiek; oegi katah titilaranipoen: kados déné: St. Ellsabeth vereeniging, St. Ignatius vereeniging, Maria Congregatie doemoegi papan pakoeboeran kanggé gotrah Katholiek Djawi oegi dipoensadijani.

Semanten pakarjanipoen Swargi Rama wonten ing Soerakarta, ngantos dados goemoenaning ngakatah.

Nanging inggih namoeng doemoegi semanten; djer saliranipoen saking mempenging penggalih prasasat ngantos kasoepèkaken, kang mangka dasar sampoen joeswa, saja dangoe sangsaja katingal soeda soesoet.


Pangageng boten kekilapan bab poenika, wasana ladjeng kapindah dateng Semarang moerih ngasoken salira. Wonten ing ngrika tansah ginandjar gerah; kapindah dateng Ambarawa, moerih kisisan hawa ingkang sakétja, ... ananging tanpa daja, djer semoenipoen pantjèn sampoen doemoegi ing kala mangsanipoen badé pinoendoet pisowanipoen wonten ing pangajoenaning Hyang Maha Soetji, anampèni gandjaran langgeng.

Pramila wonten ing Ambarawa oegi tansah gerah, ngantos kalampah kabojong dateng ing grija sakit St. Elisabeth ing Semarang ngantos doemoegining sédanipoen, tinoengkoelan ingkang raji pijambak rama Jac. Hoevenaars.

Sédanipoen sakétja, soemarah kanti tentreming manah . . . . R.I.P.

Toemraping missie . . . , kétjalan bebaoe ingkang peng-pengan.

(*) 1899 — 1904.
(**) 1914 — 1920.
*) 1924 — 1929.



Ing sarèhning rama P. Hoevenaars swargi oegi boten nama sakedik lelabetanipoen toemrap kita gotrah Katholiek Djawi, sampoen samastinipoen P,K.W. atas sadèrèk katholiek Djawi sadaja andèrèk béla soengkawa.

P.K.W.

LARÉ KÉNGING LATOE.

Kala tg. 25-8-'30 Kebajan ing doesoen koela tjrijos dateng koela jèn mentas toewi sedèrèkipoen ingkang gegrija ing doekoeh Dawoeng. Wosipoen mekaten:

Kala malem tg. 20-8-'30 laré djaler ingkang nama Mohamad oemoer ± 2½ taoen, anakipoen Djajadirdja Kebajan ing Dawoeng kaloerahan Karangwoeni, bawah Dist. Pringsoerat Kaboepatèn Temanggoeng; kirang langkoeng djam 8 sonten nalika laré waoe saweg tilem, dipoentilar késah embokipoen dateng ing grijaning embahipoen laré waoe ingkang namoeng wates gedèg, dados djèdjèr (bandjeng).

Boten let dangoe laré waoe bengok-bengok, alok jèn badanipoen kebesmi. Embokipoen kagèt, noenten mlebet nggrija noewèni anakipoen sareng-sareng kalijan embahipoen Mohamad. Nalika poenika sami soemerep jèn kemoeling anakipoen moeroep sampoen noelar dateng lengening sroewalipoen Mohamad ingkang sisih kiwa, malah sampoen doemoegi bokong. Latoe énggal dipoenpendjahi. Wekdal poenika tijang ingkang tandang (toewi) inggih katah. Sedaja sami niti priksa, saking poendi asalipoen latoe ingkang moeroegaken mbesmi waoe. Ananging setoenggal kémawon boten wonten ingkang saged manggih sebab, mila pepoentonipoen ladjeng namoeng alok anèh. Soekoenipoen Mohamad ingkang kiwa wiwit saking poetjoek dridji doemoegi bokong ladjeng dados pating plonjoh; samangké boten dipoenbekta dateng dokteran, namoeng dipoenoepakara pijambak, dipoensirami mangsi. Nalika laré waoe kénging latoe bapakipoen boten wonten. Éndjingipoen wangsoel tjrijos jèn waoe daloe dateng Kranggan ± 3 pal saking Dawoeng. Embokipoen laré soesah sanget, djalaran badanipoen pijambak taksih sakit margi mentas keloeron kala tg. 17-8-'30 wewah-wewah anakipoen kobar.

Ingkang kanggé kemoel laré waoe sindjang taksih énggal, samangké kantoen sekedik (aoeoet). Anèhipoen:

1e. Dilahipoen pandjeran (téplok) tjoemantèl ing gedèg sandingipoen tilem let ½ mèter boten éwah. Liripoen: boten miring, boten woetah lisahipoen, adegipoen taksih kados kala waoe.

2e. Nanging kala mbok Kebajan lan embahipoen Mohamad dateng, téplok waoe sampoen pedjah.

3e. Mangka boten wonten tijang sanès kadjawi Mohamad ingkang saweg tilem waoe.

4e. Lawang-lawang sami dipoenkantjing kadjawi boetoelan dateng grijaning embah. Boten wonten barang itjal. Dados boten wonten pandoeng.

5e. Boten wonten rèk oetawi tegesan rokok ing sandingipoen. Lan laré pantji boten dolanan rèk oetawi obat.

6e. Boten ngadep bedijang. enz.

Margi mekaten waoe tijang-tijang sami gadah panginten jèn laré waoe dipoensalahi sétan. Saja mantep anggènipoen netepaken mekaten sareng nitik patrapipoen laré anggènipoen béda adat saben. Adatipoen laré poenika boten poeroen sroewalan, klambèn. Lan boten kénging pisah kalijan embokipoen manawi badé tilem. Kedah neda kelon.

Nanging nalika poenika neda nganggé sroewal, lan tilem pijambak, boten oesah kelon lan neda kemoel sindjang.

Sapoenika manawi laré waoe dipoentoewèni sedèrèkipoen, boten poeroen; tjrijos jèn isin margi sakitipoen sabab kobong. Saking akalipoen Mohamad soepados tatoe-tatoe waoe boten mambet, saben-saben dipoentjroti lisah wangi.

Wangsoel kobongipoen waoe. Poenapa inggih margi dipoensalahi sétan saèstoe?

Mangga! Kénging latoe saking poendi Rama Red?

S. S. D. H.

***

Wangsoelan.

Wangsoelan kita poenika makaten:

1⁰. Lalampahan anèh, kados ingkang kaseboet ing nginggil waoe, sampoen ta ladjeng ènggal-ènggal kawastanan saking sétan. Awit lalampahan ingkang katingalipoen anèh, ngéram-éramaken, poenika manawi dipoenoeroes kanti setiti ngati-ati, teka ladjeng ketingal wéla-wéla boten anèhipoen. Anèhipoen waoe namoeng kabekta saking daja-daja oet. barang-barang ingkang ing salarapan boten kawoeningan. Oepaminipoen: Radio. Toemraping tijang, ingkang boten soemerep sangkaning swara, ladjeng mastani anèh, mbokmanawi oegi; „Saka sétan!" Nanging toemraping ahli winasis radio waoe namoeng barang limrah kémawon ta!

Éwasamanten, koela boten njélaki jèn wonten lalampahan anèh ingkang mila njata-njata saking sétan. Nanging poenika kedah tjeta goeméla, jèn barang-barang koemliwer-katingal mila boten saged noewoehaken lelampahan anèh waoe; lan kedah katjeta oegi, jèn poenika waoe boten kénging kaéwokaken pangéram-éram toelèn. Awit pangéram-éram toelèn poenika rak inggih oegi lelampahan oet. barang katingal lan anèh, nanging pakarjanipoen Allah pijambak oet. Oetoesan Dalem, dados boten asal saking sétan.

Dados poking temboeng: sampoen énggal-énggal anggega dateng pawitjantenan: „Koewi rak disalahi sétan!", nanging kedah kasrantosna, kaoeroesa lan katlitia kanti waspada roemijin.

2⁰. Lah sapoenika mangsoeli bab lelampahanipoen laré kabesmi waoe! Tijang-tijang mastani laré waoe dipoensalahi sétan. Poenapa poenika njata? Njata lan botenipoen ing ngriki dèrèng saged kapoetoesan, djalaran babad anèh waoe, kados ingkang kaandaraken ing nignggil, dèrèng njekapi kanggé poetoesan. Kadjawi poenika, poenapa inggih mokal jèn Mhm. waoe mendet dilahipoen, ladjeng kanggé dolanan? Lan sareng soemerep kemoel oet. sroewalipoen wiwit kobong, dilah ladjeng kapedjahan lan katjèntèlaken malih? Kados inggih boten mokal. Jèn makaten, kabesminipoen Mhm. waoe rak nama boten anèh. Lan anggènipoen malih tenaganing poen Mhm. waoe, poenapa poenika boten sampoen mestinipoen? Laré dados isin dipoentoewènì; poenapa poenika boten manggèn, djer sapoenika kasinoengan tatoe toer mawi mambet? Déné anggènipoen neda sroewalan, kemoelan lss., poenika poenapa boten kabekta saking isinipoen oet. saking ketatonanipoen, djer tatoe poenika asring-asring andjalari sakit bentèr (koorts)?

Red.

KOEROESÉTRA.

TJLOELOEK.

Noewoen para prijantoen, kaparenga koela tjloeloek wonten ngarsanipoen para prijantoen. Sanadjan anggèn koela njerat poenika kanti ndredeg, adjrih, nanging inggih koela tékadi, djalaran bab ingkang badé koela tjloeloekaken poenika kagolong radi perloe; sanadjan katingalipoen sepélé. . . . Tjobi koela atoeri mbadé . . . . . . o mbokmanawi boten saged; djalaran bab poenika sampoen radi kalimrah. Kados-poendi teka koela njegemol, mastani, sampoen kalimrah; noeoeoen-djalaran wonten ing poendi-poendi koela tansah mireng; lo inggih boten satanah Djawi; . . . nanging sadèrèngipoen koela njoewoen pangapoenten roemijin dateng ingkang boten nindakaken. Anggèn koela mastani nindakaken, poenika saèstoenipoen boten matis, nanging kèwedan anggèn koela mastani, awit boten soemerep temboengipoen ingkang matis. Nindakaken poenapa ta poenika. Tjobi koela atoeri ngeningaken tjipta roemijin. . . . . . Sampoen nding, moendak kélangan wektoe kanggo nggagas, toewas ora nemoe mbokmanawa!? . . . Mila koela djarwani kémawon: Inggih poenika anggèn pandjenengan njebat dateng oetoesan Dalem G. J. jèn wonten ing pagineman; langkoeng-langkoeng jèn anggènipoen ngendikan mawi temboeng ngoko, wah . . . . Oepami kémawon: *pastoeré* ana ngendi; tansaja, *pastoeré lé kanda ngéné djé.* Wadoeh moelesé. Saja malih manawi: Wé pastoeré ora ana lagi loenga. Wadoeh-wadoeh.

Sapoenika sadèrèk, oepami pandjenengan dados Wedana; ladjeng wonten tijang ngraosi kepireng pandjenengan, lan anggènipoen njebat pandjenengan mawi achiran *é*, hla rak inggih boten seneng ta raosipoen. Lan, toemrap tijang sanès ingkang ngaosi dateng wedana waoe rak inggih radi serik sakedik ta; hla poenika katepakna slira pribadi. Jèn toemrap rama pastoer makaten temtoe boten poenapa², boten dipoen-galih.

Kados-kados toemrap sakoela tijang Djawi tengah jèn njebat pangageng mawi panambang *é* poenika rak, ah; djalaran *é* poenika, wonten ing manah sampoen kraos, manawi namoeng kanggé njebat oetawi njeloek ingkang langkoeng asor . . . . . rak inggih makaten ta!?

Sapoenika toemrap oetoesan dalem G. J. poenika kagaliha, pangkat imam poenika, wah sampoen, doedoe pangkat sabaéné. Jèn kamanah . . . . ., ngoengkoeli para ratoe, propésor ingkang ngoengkoeli propésor limrah . . . . . soemangga koela atoeri nggalih pijambak, koela boten badé mandjang lébar. . . . Mila jèn njebat pandjenenganipoen mawi *é* poenika rak hmmmm . . . . . . nama kirang . . . . . . Rama pastoer sampoen kasamèkaken kalijan pak krama; wadjib ageng, pangadji-adji oetawi pamoendi-moendi koela dateng para Imam dalem.

Kalijan malih para sadèrèk!? Jèn kita njebat pandjenenganipoen Imam mawi: *pastoeré*, kapireng golongan ndjawi, rak ladjeng boten saé; ingkang temtoe rak inggih ladjeng njepèlèkaken. Mangga kados poenapa, jèn pangageng pandjenengan ingkang nresnani pandjenengan dipoensapèlèkaken ing tijang, wonten ing raos rak inggih boten sakétja ta; mbokmanawi malah gadah antjaman dateng tijang waoe. Mangka padoeka rama pastoer poenika rak pangageng pandjenengan, ingkang sanget tresna, ingkang masisaken pandjenengan, goeroe kita ingkang loehoer, ingkang nggoela-wentah kita. Pramila pandjenengan sampoen njebat: *pastoeré:* apes: rama pastoer: rama anoe; boten kok pastoeré anoe. La inggih sampoen pantesipoen jèn mawi: nandalem lan dalem.

Wasana moegi tjloeloek koela poenika wontena goenanipoen. Sarta jèn wonten prakawis ingkang ndadosaken roentiking galih, moegi kersa ngerobaken samodra pangaksama.

Noewoen,
Djanggan Mtn.

CORRESPONDENTIE.

Ing Sw. Tm. no. 37 „Katoer dateng Rama Redacteur lan para pambatang," ing „Noot Redactie" dipoenwartakaken, jèn badé dipoenoendi, sinten ingkang pikantoek prisipoen.

Lah sapoenikanipoen inggih sampoen kalampahan. Déné ingkang menang inggih poenika sdr. abn. 556 (nomer: gangsal atoes sèket enem). Kita Redactie toemoet bingah.

V.S. Soerabaja. Serat pandjenengan datengipoen kasèp. Ingkang poenika advertentienipoen badé kapatjak ing lembaran ngadjeng. Sampoen dados penggalih.

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Kabar College Moentilan.

Setoe tanggal 6 Sept. rama Diderich, inggih rama Dirèktoer Kw. S. pindah dateng Ngajodja. Poetra-poetraning College sami ketingal pating pleret, nanging pandjenenganipoen paring panglipoer mila poetra-poetra sami radi ledjar.

Tambah rama 2, inggih poenika rama Wammes kalijan rama Burgers. Saking negari Walandi terasan, rawoehipoen sareng kalijan rama Djawi kekalih; dèrèng saged ngendikan tjara Djawi.

Kemis tg. 11 Sept. Rama Rector rijajan taoenan. Pahargjanwonten ing tooneelzaal, dawah malemipoen. Tamoe-tamoe katah. Woedjoeding pahargjan; speech gendingan, lan menjanjian (djempol), jasanipoen Rama Schouten.

Rama Rector njegah soelapan, saking Sepanjol, ingkang sampoen naté njoelap wonten ing Seminari Ngajodja; wah mila djempol èstoe; ndjalari renaning para tamoe saha seneng bingahing para moerid, saja malih sareng Rama Rector paring Volkspel, lan gandjaranipoen djempol.

Wasana moegi-moegi pinandjangna ingkang joeswa.

Sabibaring pahargjan rama Ten Berge njoelap oegi ndadosaken tjingaking para poetra. Anggènipoen njoelap kersa nerangaken, mila satengah moelang. Dados bokmanawi moerid-moerid N. S. Moentilan badé saged njoelap sadaja. *(p. K.)*

Toemoet sisah.

Nalika dinten Ngahad tg. 14 Sèptèmber 1930 kepengker poenika, pandjenenganipoen rama Pastoor... *M. De Lange ing Poerwaredja*, tindak dateng Poerwadadi (salèr Djenar, sanès Poerwadadi bawah Semarang) nitih montor anggènipoen njéwa gadahanipoen satoenggiling Tiong Hoa. Pandjenenganipoen pijambak ingkang nglampahaken lan dipoentoempaki Welandi setoenggal toewin sopir.

Doemadakan wonten ing margi montor ngglimpang dateng ing sabin.

Rahadjeng déné sedaja sami wiloedjeng lan belinging katja tingal ingkang kaagem boten ngéngingi tingalipoen. Namoeng larapanipoen kémawon tatoe sekedik, margi kéginng gedahing montor.

(P. Bl.)

Grédja ing Salam.

„Danjang Krasak" martosaken wonten *Sedio Tomo* bilih ing doesoen Salam, bawah Magelang, badé dipoenedegi Grédja Katholiek. Kanggé perloe poenika, sampoen dipoentoembasaken siti lan grija pangaos f 7000.

„Danjang Krasak" waoe, damel tjéntangan makaten: „Salam itoe berbatas soengai Krasak dengan Tempel, jang disitoe banjak kaoem Protestant dan Moehammadijah. Alangkah baiknja seoempama ketiga kaoem itoe dapat berkoempoel mendjadi satoe goena meremboeg jang sedjalan dan sehaloean tentang kepentingan oemoem. Bisakah??"

Kita mangsoeli: Kanggé *kapreloewan oemoem*, kita Katholiek saged njamboet damel sasarengan kalijan golongan poenapa kémawon.

Sowan I. S. K. S. Rama.

I. S. K. S. Rama, Pius XI, mentas nampi pisowanipoen mantoe Mussolini, graaf Galeazzo Ciano kalijan garwanipoen Edna Ciano, ingkang sami badé pangkat dateng Tiongkok, anglampahi anggènipoen winisoeda dados kongsoel-djéndral kanggé Itali, wonten Shanghai.

Tedak papriksa.

Zusters van Onze Lieve Vrouwe van Amersfoort, ingkang sampoen kagoengan sakolahan-sakolahan ing Djember toewin Probolinggo, pikantoek tilgram saking nagari Walandi, asoeraos bilih Algemeene-Oversteniipoen congregatie waoe badé tedak papriksa dateng bawahipoen ing missie tanah Indonesia.

Tariefwet Amerika.

(Angèngingi Pasamoewan Katholiek).

Tarip prabéja lebeting barang dateng Amérika, oegi angèngingi barang-barang kanggé betahipoen Pasamoewan Katholiek.

Tarip invoerrechten kanggé tjendéla-tjendéla ingkang mawi rerenggan, ingkang sasatipoen namoeng dipoenanggé wonten Grédja-Grédja, prabéjanipoen kaindakaken saking 50%, dados 60%. Retja, ingkang soewaoenipoen mlebet tanpa waragad, sapoenika kénging prabéja 50%.

Invoerrechten kanggé lilin-lilin inggih dipoenindakaken boten sakedik. Boekoe-boekoe Indjil lestantoen boten kénging paos, nanging boekoeboekoe sembahjangan lan kidoengan, katarik waragad 25%.

Pangageman-pangageman soetji, sapoenika kalebetaken wonten golongan dagangan soetra, wol, mori, lss. ingkang invoerrechten-ipoen inggih kaindakaken.

Kakantjingan boten adil, ambebajani.

Gandèng kalijan pasoelajanipoen Pasamoewan Grieksch-Orthodox kalijan Pasamoewan Katholiek, ing awaling woelan poenika, paréntah Griek ngedalaken kakantjingan ingkang wonten ing Aneta-radio dipoenseboetaken boten adil, ambebajani sarta soelaja kalijan babadipoen Pasamoewan Soetji. Déné kakantjingan saking paréntah Griek waoe, asoeraos: ngoelama-ngoelama Katholiek dipoenawisi sanget manganggé kados sapoenika, awit dipoenanggep panganggénipoen ngoelama Katholiek ing ngrikoe anjéngkok Paus ing kalangan Grieksch-Orthodox.

Ngoelama Katholiek sami dipoenantjam, manawi ngantos nerak papatjak ing nginggil, badé ladjeng toemoenten katoendoeng saking tanah ngrikoe.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Gégéran ing Panaraga Kidoel.

Margi goegontoehon. Tijang pedjah tiga; ass. wedana ketaton.

Kala Senèn 15 September, ing bawah Panaraga wonten gégéran, boten margi prakawis politiek, boten prakawis Agami, nanging margi prakawis goegontoehon; ngandelan.

Manoet *Mataram*, kateranganipoen makaten: Ing doesoen Klepoeh, Panaraga Kidoel, onderdistrik Soediromo, distrik Ngadiredja, tepang wates kalijan kaboepatèn Trenggalèk (Blitar), . . . wonten tijang anama Kramaredja, . . . ingkang soegih pangaribawa dateng tetijang ngrikoe.

Poen Kramaredja tjarijos, bilih ing dinten Djoemoewah Pon minggoe kapengker poenika, badé wonten baja toemoeroen saking nginggil anama *„badjoel bèbèk"*. Badjoel waoe badé ngoentali tetijang ingkang wonten grija. Manawi tetijang ngrikoe kapéngin wiloedjeng kedah toemoet pijambakipoen dateng goemoek inggil ingkang tebihipoen saking ngrikoe sawatawis pal, perloe anenggani idjabipoen anakipoen èstri Kramaredja kakalih, pikantoek djadjaka édan.

Ing dinten waoe, wonten tijang kirang langkoeng 130, toemoet Kramaredja djagong ngantèn. Ass. wedana Soedimara ingkang boten ngidini wontening manton waoe, dipoenwartosi kepala doesoen. Ass. wedana kalijan oepas sawatawis ladjeng dateng papan waoe.

Nalika soemerep dipoendatengi ass. wedana, Kramaredja mingoetmingoet, angagar-agari doewoeng. Golongan Ass. wedana mangertos bilih balanipoen Kramaredja katah ingkang asikep dadamel, amila badé ngawonaken pangadjengipoen langkoeng roemijin. Keris badé karampas sarana pedang, nanging ass. wedana kataton tanganipoen, . . . satemah ladjeng moendoer, lapoer dateng wedana Ngadiredja toewin Boepati ing Patjitan.

Éndjingipoen, dados dinten Setoe éndjing, Boepati, Ass. resident, wedana, lan koemendan pèlpoelisi, pèlpoelisi nenem, sami dateng Klepoeh. Tetijang pinanggih wonten goewa angongkang lèpèn. Saking pangatagipoen poelisi, Kramaredja medal, angliga doewoeng, djogédan wonten sanginggiling séla-séla ing lèpèn, sarta soesoembar bilih badanipoen poenika Batara Kresna, ing Dwarawati. Anggènipoen moengel, . . . boten pasah dadamel. Nalika kapoerih noetoet boten poeroen, malah badé nglawan. Kramaredja ladjeng dipoenklèwang, kataton kalih enggèn ing sirah, . . sarta ladjeng pedjah ngenggèn.

Balanipoen Kramaredja, wonten sawatawis medal saking goewa, noetoet, kinten-kinten tijang djaler 16, tijang èstri 50. Ing nglebet goewa taksih wonten tijang dasanan. Poelisi doesoen ladjeng mlebet ing goewa waoe, sarta ladjeng dipoenajoni tetijang ingkang wonten goewa mawi dadamel doewoeng. Pèlpoelisi pikantoek aba angoengelaken sendjata, andadosaken tiwasipoen tijang kalih. Golongan bestuur ingkang kataton: tjarik doesoen satoenggal, oepas kalih.

Amékani katahing wedalipoen rah, Bestuur ladjeng moendoer, sarta lapoer dateng Resident Panaraga, ingkang ladjeng ngintoenaken pitoeloengan dokter, njantosakaken pèlpoelisi Patjitan.

Ngahad éndjing Resident rawoeh ing papan nginggil, tetijang ingkang taksih wonten nglebet goewa kapoerih medal. Tetijang sampoen sami noetoet.

P. R. I.

Kala Ngahad 14 September poenika ing Djakarta madeg pakempalan politiek énggal anama Partai Rakjat Indonesia, dipoenpangarsani sadèrèk *Tabrani*. Pakempalan waoe adadasar coöperator.

Lindoe ing Minahasa.

Kala tanggal 11 September, djam 10,15, ing Minahasa lan Amoerang, karaos wonten lindoe santer, dangoenipoen satengah menoet.

Ing Amoerang, dinten Kemis daloe wonten lindoe malih santer sanget, dangoenipoen 1 1/2 menoet, lampahipoen saking Kidoel mangalèr. Katah tijang-tijang pesisir sami mladjeng pados pangoengsèn. Siti pasisir satjelakipoen moewaraning lèpèn longsor. Ing daloe waoe, saben-saben karaos wonten gendjotan lirih, dangoenipoen sawatawis sekon, angroentoehaken wadah-wadah sekar ing rèk.

Djoemoewah éndjing, saantawisipoen djam 2 kalijan 4, saben-saben katingal wonten latoe moeroeb ing saganten. Saben-saben wonten djeblosan, ladjeng katingal wonten tjremomong-tjremomong kados latoe, mawi kasambetan soewanten goemoeroeh goemaloedoeg wonten salebeting siti, lampahipoen saking Kilèn mangétan. Gendjotan ingkang karaos sampoen wonten kaping 40.

Kasangsaran tijang boten wonten.

Panginteniipoen para saged, lindoe waoe kabekta saking redi latoe ing salebeting saganten, oetawi redi latoe ing sisih kilèn ingkang tebih papanipoen. Lindoe waoe karaos ing satanah Minahasa.

Boepati Kristen.

Gandèng kalijan wisoedan Boepati Kristen ing Prabalingga, warga Raad Kawoela t. Nja Arif miterang dateng nagari kados ingkang kawrat ing Ontjèn Sw. T. no. 36.

Pitakèn waoe, sampoen dipoenparingi wangsoelan, makaten soeraosipoen:

Sadèrèngipoen Paréntah moetoes amisoeda R. Poedja, patih Djember kadadosaken Boepati ing Prabalingga, Paréntah sampoen manggalih reribed-reribed ingkang tjalon toewoeh saking wisoedan Boepati Kristen waoe. Paréntah inggih manggalih pakèwed-pakèwed kados ingkang kaatoeraken T. Nja Arib, gandèng kalijan anggènipoen Boepati ngawat-awati priesterraden, kas mesdjid, pamotjot lan pangangkating poenggawa mesdjid sarta onderwijs Islam: éwadéné Paréntah kagoengan kajakinan, manawi reribed waoe kalampah saèstoe, wonten praktikipoen Nagari badé saged angoedari kala jan gampil.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

MALAISE, ...

Sapisan engkas! Prakawis Malaise, inggih Bezuiniging, ... inggih Pangiridan!

Angka-angka ing ngandap poenika badé amboeka paningal. Badé mangertosaken, bilih N a g a r i pijambak inggih kagoengan s a m b o e t a n, ngantos m a l e d - m a l e d. Ènget: Nagari ingkang medal onderwijs lss. amitoetoeri kita kedah gemi, sampoen ngebrèh!

Wonten Ontjèn prakawis bezuiniging sawatawis woelan kapengker, koela sampoen ngatoeraken anggènipoen Paréntah boten ngenggèni „bajang-bajang sepandjang badan."

Sapoenika, koela ngatoeraken samboetanipoen Negari. Mangga, dipoenwaos ingkang titi!

Manoet tjarijosipoen *Sin Po*, doemoegi akiripoen taoen 1928, Nagari katandegan samboetan, langkoeng saking:

f 1000.000.000
(sèwoe mlijoen roepijah).

Samboetan poenika waoe, wonten ingkang sampoen kina sanget, oepami kala taoen 1883, . . anakipoen 3%.

Ing taoen 1883 waoe, paréntah Nederland pados samboetan, lan angsal 60 mlijoen. Arta samanten poenika, ingkang f 44 mlijoen, dados bagéjanipoen Indonésia.

Samboetan 44 mlijoen waoe, wonten ing akiripoen taoen 1928, ingkang kabajar saweg f 17.178.000; dados taksih kirang f 26.822.000.

Taoen 1898, gadah samboetan malih f 57.815.000, mawi anakan 3%. Doemoegi akiripoen taoen 1928, ingkang dipoenbajar saweg f 41.071.000, dados taksih kirang f 16.744.000.

Ing abad XX, samboetanipoen ngriki boten saja tipis, malah saja mindak.

Wiwit taoen 1915, doemoegi taoen 1926, Goepermèn njamboet malih ngantos rambah kaping k a w a n w e l a s.

Goenggoeng kempalipoen, wiwit taoen 1883 waoe, Nagari kagoengan samboetan: f 1.203.787.000 (nominaal).

Samboetan semanten katahipoen poenika, ingkang sampoen kasaoeran saweg f 192.110.000.

Dados taksih **noenggak:** f 1.011.677.000 (alijas **langkoeng saking sèwoe mlijoen**).

* * *

Mangga, poenapa boten mrindingaken angka-angka makaten poenika! Mangka, pamedalipoen Nagari, kala taoen 1929, goenggoeng kempalipoen namoeng f 325.926.000, imbet pamedal saking monopolie: Pagantosan f 13.753.000; monopolie apjoen f 26.641.000; lan monopolie sarem f 49.289.000.

Nitik angka-angka ing nginggil, dados inggih boten maiben déné Nagari namakaken pedang-pangiridan.

Nanging, ... ingkang anggoemoenaken malih poenika, déné Nagari boten karsa andahar atoeripoen tetijang katah a n g e l o n g i oet. ngitjali wedaling arta ingkang boten perloe, oep. begrooting Perang lss., kados atoer koela roemijin.

Mangka, . . . pamedalipoen Nagari ing taoen 1930 poenika, inggihboten wonten soelak-soelakipoen angagengaken manah, kepara malah soeda tinimbang kala taoen kapengker.

Mitoeroet tjatetan opisijil, selebetipoen Djanoewari — Djoeni 1930 poenika, dados salebetipoen satengah taoen, pamedalipoen Goepermèn ngriki, soeda kirang langkoeng 29,5 mlijoen.

Mangga, poenapa boten ngoewatosaken? ?

* * *

Wonten Ontjèn koela prakawis bezuiniging ingkang roemijin-roemijin koela sampoen ngatoeraken prihatosing manahipoen tetijang ngriki, dalah béka rentjana ingkang tjalon toewoeh saking malaise waoe.

Kadjawi poenika inggih sampoen koela atoeraken: karsanipoen Nagari ngwontenaken pangiridan waoe toemoesipoen oegi dipoenraosaken tetijang ingkang njamboet damel wonten partikelir.

Wonten ing kita-kita ageng, oetawi wonten ing koran-koran, pandjenengan sami soemerep krodanipoen pedang-bezuiniging, ingkang tjrastjres damel tiwasing wetengipoen tijang pinten-pinten.

Nanging, sasampoenipoen makaten, kita inggih kedah a m b o e n t a s a k e n pamanggih kita. Djer lalampahan ing donja poenika manoet wedaring pangandikanipoen para nawoeng-krida, saèstoe wonten pigoenanipoen.

Malaise inggih saged angindakaken daradjading tijang! Koewagang njarasaken ndjawi-nglebeting manoengsa! . . . .

Djer, . . . saleresipoen kémawon, wonten salebeting djaman begdja, djaman moerah-sandang moerah pangan, tetijang sami goemampil; kontjatan kaprajitnan. Wonten ing djaman n g r e d j e k è n i, tetijang katahkatahipoen sami kontjatan initiatief.

Wangsoel djaman mlarat, ameksa tijang kedah angoelir boedi; amangoen tijang dados i n s i n j o e r ingkang saged ngedegaken g r i j a pengkoeh mitajani.

Kala alam l e m o e, tetijang anggènipoen pados kasenengan késah saking sadjawining grija . . . . Ing alam k o e r o e, tetijang waoe badé pikantoek koepija bilih doenoenging kasenenganing manah pinanggih oegi wonten salebeting grija, boten soesah mlangkah pager.

Toemrap ingkang gadah anak, malaise kénging kawastanan windoekantjana. Djer wonten ing wekdal waoe, laré-laré wiwit alit sampoen pikantoek koepija bilih arta poenika pikantoekipoen dipoenréntjangi adoes kringet. Manawi agenging laré mawi kasawaban mlarating tijang sepoehipoen, . . . poenika ing béndjing laré saged kadjoendjoeng, kaangkat dados tijang b a w a p r i b a d i, toer sembada, mitajani.

Poenika sadèrèk, gagasanipoen optimist, ingkang koela atoeraken pandjenengan, kagem panglipoer.

Koela roemijin ngatoeraken babajanipoen bezuiniging, andoewa prakawis pangiridan! Sapoenika, . . . sareng sampoen katingal titikanipoen wonten Raad Kawoela, . . . pandoewanipoen tetijang boten anedasi, . . sapoenika koela anjisihi gagasan panglipoer kados ing nginggil. Ingkang makaten waoe, nama sampoen dados wadjibing journalist: amétani awon-saéning satoenggalipoen kawontenan.

Kumuningsaselé 14 September '30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

NÉTRA MOELAT!!

(Kaoem Iboe — ingkang waspada!!)

Kaoem Iboe! Atoer koela — ingkang waspada!

Dèrèng dangoe poenika, koeping koela saged mireng pakabaran „Kados poendi saged kita — (kaoem Iboe) njamboet damel teroes, manawi ing satengahing margi wonten palang ageng ingkang ngalang-alangi lampah kita — nedya nempoeh kita — nedya ngrisak!"

Tetemboengan inginggil pantjèn „ngeres-eresi."

Tetemboengan ing nginggil ngéngingi kaoem Iboe ing oemoemipoen!

Para sadèrèk: ingkang badé koela atoeraken, pakabaran-pakabaran ing Soerakarta!

Para maos — temtoe taksih kèngetan, bilih nembé wingi „Srikandi-Srikandi kita ingkang sami ngempal wonten ing barisan P. P. I. I. mentas ngawontenaken parepatan oemoem-boewahipoen sanget mongkogaken manah; apes saged ndjenggirataken kaoem Iboe ingkang taksih ngétja-étja tilem. Sapoenika kaoem Iboe katah ingkang sami „menjingsingkan lengan badjoe" njamboet damel kanggé oemoem. Nanging ing salebeting njamboet damel waoe, djeboel wonten bégal, inkang nedya..... kados ingkang kaseboet ing oengel-oengelan ing nginggil!!

Saking remiting bégal, bala sétan waoe, ingkang kaasah, para kaoem Iboe, ingkang saweg sami actief njamboet damel, djeboel katah sanget ingkang dèrèng mangertos!

Woedjoeding bégal bala sétan waoe i p: „Perkoempoelan Rahasia" oetawi „Pakempalan winados" Toedjoenipoen saoesap kémawon kalijan „J. V. R. - Jacht Vereeniging" ing Semarang.

Bab poenika sampoen damel oesreking para ingkang sami mireng: makaten oegi para „pers." Katah ingkang saweg sami pados katrangan babagan poenika!

Manoet tjrijosipoen „Rena"*) gandèng lan wontenipoen pakempalan winados waoe „politie lan bestuur" oegi sampoen toemandang; tjalon noempes bala sétan waoe!

Manoet tjarijosipoen „Bendee" pak: „Veertiende club" sampoen ngatoeri katrangan? dateng *„Regeeringsbureau voor tucht opvoeding en armenwezen" Bureau waoe oegi* kabebahan ngoeroes „padagangan laré èstri." Panoentoening pak: winados waoe kabaripoen satoenggiling „Bangsa Indo", Ingkang wadjib oegi sampoen njoemerepi; nanging gegajoetan kalijan remiting oeroesan, bab waoe taksih kadamel winados roemijin!!

*

Dados nitik atoer koela ing nginggil waoe; pakempalan sétan waoe sampoen angsal tanding i.p. Veertiendeclub lan pamaréntah!

Veertiende club manoet katrangan ing nginggil, sampoen gadah lalabetan!

Actienipoen Veertiende club waoe pantes ingalembana!

Veertiende club waoe inggih kawinados, nedya nandingi „Perkoempoelan Rahasia." mBokmanawi ingkang ngertos panoentoening „Veertiende club" waoe namoeng „Rena" pijambak.

Sapoenika poenapa saking golongan kita, kanti blak-blakan, boten perloe ngawontenaken pakempalan ingkang nedya nandingi actie bala sétan waoe; mbantoe pamaréntah lan pakempalan Veertiende club poenika!!

Poenapa sakinten P. P. I. I. kanti pitoeloenganing pakempalan-pakempolan sanès, ngawontenaken Sub Comité C. P. P. A. kanggé nandingi, pados katrangan ing sasaged-sagedipoen, djalaran sinten ingkang soemerep bilih pakempalan winados waoe dados tjabanging oetawi dados antèking vrouwenhandel!

Kedjawi ndjagèkaken pamaréntah, ichtijar pijambak poenika satoenggiling srana ingkang wadjib sami kita tindakaken: Panjoewoen koela dateng pangrèhing W. K. afd Solo ingkang oegi dados warganing P. P. I. I. kersaa ngepèki atoer koela ing nginggil!

Moegi-moegi!!

C. C. Solo. *„Trenggana"*

*) sapoenika santoen: *Nera*.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	6.30-8.	Kepandjèn	6-7-9.
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
" Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6-7.30.		
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Heuvel	5.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Soerabaja:			

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Tijang ngamoek.

Kala Rebo kapengker poenika, wantji éndjing wonten tijang éwah anama Manap, mlebet toko Tionghoa ing peken lempoe Salatiga, anatoni Tionghoa kekalih mawi péso, kénging goeloenipoen. Tijang waoe ladjeng natoni laré badé sakolah kalih. ing tangan lan goeloe, nanging tatoenipoen boten sapintena, amargi toemoenten saged kapitoeloengan tijang katah. Tijang ingkang ngamoek waoe dipoenkléwang,....... lan kawontenanipoen tatoenipoen matosaken sanget. saladjengipoen kabekta dateng grija sakit Semarang.
Tijang ingkang dipoentatoni kawontenanipoen boten moetawatosi.

Toko Boedi Oetama.

De Koerier njarijosaken, toko koperasi „Boedi Oetomo" Afd. Bandoeng, salebetipoen Juli kapengker saged padjengan barang warni-warni: f 3.102,32; kala Juli 1929: f 2.466,61.
Goenggoeng kempalipoen pepadjengan reged salebetipoen pitoeng woelan ing taoen poenika wonten f 22.140,29. Kala Januari — Juli 1929, wonten f 16.831,775. Dados mindakipoen mèh f 6000.—

Kabesmèn ageng.

Ing Pontianak mentas wonten kabesmèn ageng, angloedesaken peken, ngantos 300 pintoe. Kapitoenènipoen kinten-kinten wonten 4 mlijoen.

Barang wedalan tanah Djawi lan Madoera.

Manoet tjatetan, barang-barang ingkang kawedalaken saking tanah Djawi lan Madoera saking golongan partikelir, kala Agoestoes wonten 320.808 ton, pangaos f 45.550.000, kala Agoestoes taoen kapengker 437.768 ton pangaos f 70.250.000.
Djanoewari — Agoestoes taoen '30, barang saking kalangan partikelir ingkang kawedalaken saking tanah Djawi wonten 2.293.023 ton, pangaos f 375.805.000 (kala Djanoewari — Agoestoes 1929, wonten: 2.792.781 ton, pangaos f 472.092.000).

SAKING MATARAM.

— Pakempalan Langen Tjatoer Mataram, mentas mangsah joeda kalijan pakempalan schaak gadahanipoen siswa Seminarie, kawoesananipoen 5½ — 8½, menang L. T. M.
— P. P. K. D. afd. Ngajogja, béndjing Ngahad poenika badé ngawontenaken rerembagan kalijan kantja Katholiek toewin pakempalan P. P. K. D. ing Medari, Gandjoeran, Kalasan, perloe angrembag badé wontenipoen Balé Agoeng ing tanah Kedjawèn. Pantjènipoen rembag poenika karembag kala Ngahad waoe, nanging rèhné ingkang andatengi parepatan namoeng sakedik, rembag Balé Agoeng kaoendoer doemoegi Ngahad 21 Sept. poenika... (Kawontenan: parepatan kala Ngahad, ingkang rawoeh boten mingsra, ... poenika toemrap Mataram, anggoemoenaken...)

Kantor pos énggal.

Kawertos, sapoenika wonten oesoel soepados Nagari ngedegaken kantor pos wonten Tanggoel (Djawi Wétan), Batoe Radja (Soematra Kidoel), lan ing Tandjoeng Karang (Lampoeng).

Koeli-koeli kontrak katah ingkang kawangsoelaken.

Ing salebetipoen woelan Agoestoes poenika, koeli ingkang kawangsoelaken mriki sarta moedoen wonten Betawi, saking Sabrang wonten 1559, saking onderneming Serawak lan tanah Malaka wonten 109, dados goenggoeng wonten 1678. Déné ing woelan September poenika, tjatjahipoen koeli ingkang kawangsoelaken waoe mindak malih, kinten-kinten wonten saantawisipoen 1800 kalijan 2000. Anggènipoen kawangsoelaken waoe, gagajoetan kalijan malaise.

Bestuurshervorming.

Pamanggihipoen professor Van Vollenhoven wonten ing Economisch Statistische Berichten, amastani: bilih badé wontening bestuurshervorming ing Soematra poenika namoeng nama angetjèhetjèh wekdal toewin arta.

Wana kabesmèn.

Wana satjelakipoen talaga Ranoe Goembala, sawétanipoen èrèng-èrèngipoen redi Koekoesan, paredèn Semèroe, mentas kabesmi.

Bezuiniging.

Atas asmanipoen Ingkang Witjaksana Goepernoer Djéndral, para pangagenging departement toewin gewest sami dipoenkintoeni serat sebaran asoeraos angèngetaken sapisanan malih soepados manawi amindah poenggawa oetawi angakèn komisi kékésahan dipoentetepana pranatan-pranatanipoen ingkang saèstoe; awit tétéla kaperloewanipoen nagari boten tansah dipoen-gatosaken, sarta anggènipoen komisi kékésahan waoe boten tansah toemindak mawi tjara ingkang ngirid toemraping nagari.

Katjoelikan serat winados ing Hoofdparket.

Landraad anetepaken oekoeman 3 taoen (kasoeda wekdal tahanan) dateng R. Slamet hoofdtijpist ing kantor Hoofdparket, margi amendet serat-serat winados, ingkang ladjeng katampèkaken pangandjoer kabangsan ing ngriki.
Manoet pamirengipoen Aneta, poetoesan 3 taoen poenika waoe dipoenéwahi Justitie kadadosaken 4 taoen kasoeda wekdal tahanan.

MANTJA NAGARI.

NEDERLAND. Ing ngrika wonten komité kanggé mitoeloengi tetijang ingkang katjilakan ing San Domingo.

PARANGAKIK. Toewan-toewan djoeragan pabrik-pabrik ing Tourcoing, ngadjengi voorstel énggal saking minister Parangakik, gandèng kalijan wontening pogokan.
Pogokan ing ngrikoe ngantos nem minggoe, sarta kala Senèn poenika, koeli-koeli sampoen wiwit njamboet damel malih.

ITALI. *Bebaja kodrat.*
Redi Stromboli, manoet tilgram tanggal 11 Sept., andjebloeg. Sabinsabin katradjang ladoe ingkang lampahipoen dateng San Bortolo. Sakiwa tengenipoen redi waoe, katah papan ingkang kabesmi. Kala samanten oegi karaos wonten lindoe. Panggendjoting lindoe karaos doemoegi papan boetjalanipoen tijang politiek ing poelo Lipari. Pandjebloegipoen redi kasarengan kawontenan ingkang boten limrah, i. p. angilèkaken wedi mangangah, ambaloedag saking kawah, wijaripoen 50 yards damel rerisak katah; begdja déné boten dangoe. Tijang ingkang pedjah 5, tatoe 15. Pamoeringipoen redi waoe, sampoen kèndel.

IRAK. *Tijang Koerden damel gègèr.*
Gandèng kalijan pradjangdjian énggal Inggris—Irak, tetijang Koerden ingkang sami boten poeroen angadjengi pradjangdjian waoe sami moering, kala woelan kapengker boten poeroen tjawé-tjawé toemrap pilihan oemoem. Moeringipoen saja sanget, satemah ladjeng damel gègèr angepoeng grija-grija-Inggris ing Soelaimanieh, Koedistan Kidoel.
Manoet tilgram tanggal 11 lan 12 Sept., ingkang pedjah tijang 4 (satoenggal pradjoerit Irak) lan katah ingkang tatoe.

DJEPANG. *Redi andjebloeg.*
Pawartos saking Tokio tanggal 12 Sèptèmber, martosaken bilih redi Asamayama ingkang wiwit tanggal 20 Agoestoes katitik anggènipoen moetawatosi, ing dinten waoe djam 9,30 éndjing andjebloeg. Redi waoe angedalaken ladoe andjalari papan èrèng-èrèng satjelakipoen ngrikoe kabesmi. Tetijang ing sangandaping redi, sami loemadjeng pados pangoengsèn. Kala samanten wonten tijang anginggahi redi, pedjah. Ing dalem 3 minggoe redi waoe andjebloeg kaping kalih.

TIONGKOK. *Kasangsaran baita.*
Baita lisah gadahanipoen marine Inggris *Pearl Leaf*, ingkang pangkat saking Hongkong badé dateng Singgapoer kala 12 Sèpt. nabrak baita Djepang *Ibuki Maru*.
Margi ageng ing ombak, baita waoe énggal sanget risakipoen, tijang 18 ingkang saged kapitoeloengan namoeng sakawan; ingkang 14 boten saged kapitoeloengan.

BARITANIJAH. Pradja poenika saweg manah badé neda soedaning samboetanipoen Inggris dateng Amérika, kala wonten perang donja.

DJERMAN. *Kaoem sociaal-democrat koewaos.*
Manoet karampoenganing poetoesan pilihan nembé poenika, (— tilgram 15 Sèpt. —) tetijang sosijal démokrat gadah wakil 143, golongan fascisten 107, golongan Duitsche-nationalisten 47, kominis 76, Staatspartij 20, Volkspartij 29. lss.